Odyans Piblik

ODYANS PIBLIK POU SOU PWOJÈ ENFRASTRIKTI

Metropolitan Transportation Authority, nan non MTA New York City Transit ak filyal li yo – MTA Long Island Rail Road, MTA Metro-North Railroad, MTA Construction and Devlopment, ak MTA Bus Company (yo tout ansanm rele "MTA") ap òganize yon odyans piblik pou mande kòmantè sou pwopozisyon sibvansyon federal MTA pou Ane Fiskal 2024. Odyans lan ap fèt nan yon fòma ibrid avèk opsyon pou patisipasyon an pèsòn, ak nan yon fòma vityèl platfòm entènèt sou Zoom ak apèl konferans, avèk yon difizyon andirèk disponib sou sit entènèt odyans pou Pwojè Enfrastrikti 2024 MTA.

MTA a resevwa lajan federal annamoni ak Federal Transit Administration (FTA) nan Depatman Transpò Etazini, Seksyon 5307, 5309, 5337, 5339 ak 5340 Tit 49, Kòd Etazini, 5300 et seq (Kòd la), Lwa Ki Konsène De Pati sou Enfrastrikti (lwa sou transpò sou sifas ak lòt kredi federal. Gouvènè Eta New York la, otorite lokal yo, operatè sèvis piblik yo te deziyen MTA pou resevwa kalite sibvansyon sa yo.

Lajan yo mande a se pou kategori pwojè enfrastrikti yo ki mansyone anba e yo pi byen dekri nan Pwojè Pwogram MTA yo. Pwojè Pwogram MTA yo disponib pou revizyon nan **https://new.mta.info/transparency/public-hearings** oswa lè ou rele nimewo ki mansyone anba a. MTA mande epi ankouraje kòmantè founisè transpò prive yo. Amelyorasyon enfrastrikti yo nan kad Pwogram sa a fèt jeneralman nan rezo MTA oswa nan yon pwopriyete vil la oswa Eta a posede. Acha byen oswa relokasyon ap fèt konfòmeman avèk dispozisyon legal ak reglemantè apwopriye yo. Pwojè ki nan odyans sa a fè pati Pwogram Enfrastrikti ki apwouve pou 2015-2019 ak 2020-2024 yo.

Se Metropolitan Planning Organizations ki te apwouve oswa ki pral apwouve Pwojè enfrastrikti yo pou rejyon metwopoliten nan Nouyòk epi respekte Plan Aplikasyon Eta a (State Implementation Plan, SIP) jan li obligatwa daprè Lwa 1990 ki Modifye sou Kalite Lè Ki Pwòp la. Pwojè a pa ta dwe gen okenn enpak negatif anviwònmantal enpòtan. Si FTA prepare yon deklarasyon fòmèl sou enpak anviwònman an sou nenpòt nan pwojè ki pwopoze yo, MTA ap bay yon avi piblik pou rann deklarayon an disponib. Tout egzijans legal yo ki gen rapò avèk kliyan granmoun ansanm avèk sa ki andikape ap satisfè.

Yo prevwa nenpòt diferans ant depans pwojè a ak lajan sibvansyon federal la ap ase gras ak lajan ki te disponib pa mwayen youn oswa lè yo mete ansanm sous ajans eta, lokal, ak ajans ki afilye (tankou MTA Bridges and Tunnels oswa MTA), kredi pou pati pwojè ki pa federal ki jwenn finansman gras ak kòb ki fèt nan sistèm peyaj la, daprè ak lwa federal (23 USC 120 (i)), oswa lavant byen oswa pwogram revni.

Nan Ane Fiskal Federal 2023 a, MTA te resevwa $868.2 milyon finansman seksyon 5307, $1.155 milya Seksyon 5337 State of Good Repair funds, ak $26.7 milyon Seksyon 5339 nan Lajan pou Bis ak Batiman Pou Bis yo. Repatisyon pou Ane Fiskal Federal 2024 la poko disponib. Lajan Federal yo dwe jeneralman koresponn ak yon kontribisyon lokal pataje pou asistans enfrastrikti 20 pousan pou pifò kategori finansman yo.

KATEGORI PWOJÈ/ESTIMASYON DEMANN FEDERAL LA (Dola an Milyon)

LONG ISLAND RAIL ROAD

Kategori Pwojè	$M
Estasyon	$355.71
Ray	69.10
Kouran	31.80
Divès	0.50
Total LIRR	**$457.11**

METRO-NORTH RAILROAD

Kategori Pwojè	$M
Materyèl Woulan	$484,64
Estasyon	135.43
Ray ak Estrikti	568.69
Kominikasyon ak Siyal	9.83
Kouran	59.29
Acha ak Santye	2.72
Divès	32.69
Total MNR	**$1,293.29**

OTOBIS MTA

Kategori Pwojè	$M
Etablisman yo	$7.19
Total Otobis MTA	**$7.19**

TRANSPÒ VIL NEW YORK

Kategori Pwojè	$M
Tren	$1,400.00
Ranplasman Otobis	400.00
Estasyon Pasaje	2980,00
Ekipman pou Liy	200.00
Fason Liy yo Fèt	350.00
Siyal ak Kominikasyon	575.00
Acha ak Santye	300.00
Depo	50.00
Rezo Elektrik	325.00
Divès/ljans	200.00
Total NYCT	**$6,780.00**

KONSTRIKSYON ENFRASTRIKTI & DEVLÒPMAN

Kategori Pwojè	$M
Aksè Penn Station	$2,093.70
Rekonstriksyon Penn	96.00
Divès	32.00
Total Otobis MTA	**$2,221.70**

MTA GRAND TOTAL	**$10,759.29**

DAT AK LÈ ODYANS PIBLIK LA

ODYANS PIBLIK SOU PWOJÈ ENFRASTRIKTI ANE 2024

Madi 6 Fevriye 2024 • Odyans lan ap kòmanse a 6:00 PM • Odyans Piblik Ibrid la ap an pèsòn epi l ap sou platfòm vityèl yo.

Avi Odyans Piblik

Odyans lan ap yon odyans kote moun ka chwazi patisipe an pèsòn, ak sou platfòm entènèt sou Zoom ak apèl konferans, avèk yon difizyon andirèk ki disponib sou sit entènèt odyans pwojè enfrastrikti MTA 2024 la **https://new.mta.info/2024-capital-projects-hearing** Ou sipoze enskri alavans pou ou pale nan odyans piblik vityèl la. Chak moun ki enskri pou l pale ap gen de (2) minit pou yo pale.

Enskripsyon pou Odyans Piblik

Pou w anrejistre pou w pale nan odyans piblik ibrid la, tanpri enskri pou w pale swa an pèsòn, oswa sou entènèt sou **https://new.mta.info/2024-capital-projects-hearin**g oswa rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777. Tout kòmantè yo pral ekri epi yo pral fè pati dosye pèmanan odyans sa yo.

Patisipe nan Odyans Piblik la

Si w anrejistre pou w pale, ou ka patisipe swa sou Zoom sou entènèt, an pèsòn oswa sou telefòn lè w suiv enstriksyon sa yo.

Rejwenn Seminè Zoom sou Entènèt la: Pou w jwenn aksè nan seminè sou entènèt sou Zoom nan, ale sou sit entènèt la ki se: **https://new.mta.info/2024-capital-projects-hearing**

Ou ka ale tou sou zoom.us/join epi antre nimewo Seyans sou entènèt la ki se 826 9778 6527)

Patisipe ak Òdinatè pòtab/Tablèt/Telefòn Entèlijan: Antre sou lyen: https://mta-info.zoom.us/j/826 9778 6527-Nimeyo seyans sou entènèt la: 826 9778 6527

Patisipe nan Seyans sou Entènèt la sou Telefòn:
Pou w antre nan seyans k ap fèt sou Zoom nan sou telefòn, tanpri rele 1-877-853-5247 (gratis). Epi antre ID seyans sou entènèt la: 826 9778 6527, epi peze siy dyèz (#) la.

Gade Sèlman Sou Entènèt: Moun ki nan piblik la ki ta renmen annik gade odyans lan ka konekte nan evènman an andirèk sou **https://new.mta.info/2024-capital-projects-hearing**

Pou w Voye Kòmantè yo Ale

Yo dwe voye tout komantè ekri yo ale disi 6:00 PM nan dat 6 Fevriye 2024. Nou p ap konsidere kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa a.

Pou w jwenn yon Kopi nan Pwojè Pwogram Konplè MTA yo

W ap jwenn yon lis konplè pwojè ki kalifye pou finansman daprè pwopozisyon sa a ki disponib sou plas ak sou sit entènèt MTA a ki se **https://new.mta.info/2024-capital-projects-hearing** oswa lè w skane Kòd QR la. W ap jwenn enfòmasyon sou lokal piblik yo ansanm avèk pwojè yo ki kalifye pou finansman sou sitwèb MTA oswa lè ou kontakte MTA nan adrès ki anba. MTA pral fè pwogram final pwojè yo disponib sou sit entènèt li a **https://new.mta.info/transparency/grant-management** pou pwojè Seksyon 5307-finanse lè FTA bay sibvansyon Federal ane fiskal 2024 la.

Lòt Fason Pou W Fè Kòmantè Oswa Pou W Mande Enfòmasyon

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pou w enskri alavans pou w Pale, oswa pou w Voye Kòmantè Ale

Moun ki vle pale nan Odyans Piblik la dwe enskri davans. N ap aksepte kòmantè nou resevwa pa imel sou sit entènèt MTA a **MTA a https://new.mta.info/2024-capital-projects-hearing** owa an pèsòn nan odyans lan oswa lè w rele (646) 252-6777. Ajan telefòn yo disponib apati 6 AM jiska 10 PM chak jou. Prezantasyon aloral yo ap ka dire de (2) minit sèlman. Ou ka prezante temwayaj aloral oswa soumèt deklarasyon alekri pito oswa pou konplete temwayaj oral ki konsènen pwojè yo pwopoze a. Pou w voye yon kòmantè, pou w jwenn lòt enfòmasyon, oswa pou w mande kopi aplikasyon yo e pou yo voye pwojè pwogram final yo pou nan FTA, yo dwe voye lèt yo nan: **MTA Capital Program Funding / Grants Management, RE: 2024 Capital Projects Public Hearing, 2 Broadway, C15.11, New York, NY 10004**. **Tout lèt yo dwe gen so lapòs disi 7 Fevriye 2023. Tout lèt yo dwe gen so lapòs disi 6 Fevriye 2024.** Nou p ap konsidere kòmantè nou resevwa aprè dat sa a.

Sèvis Aksesiblite ak Sèvis Èd pou kesyon Lang

Nan odyans piblik la, CART Captionning ak Lang Siy Ameriken ap disponib.

Manm nan piblik la ki soud oswa ki difisil pou yo tande ka itilize sèvis transmisyon yo prefere a oswa yo ka itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo nan Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Manm nan piblik lan ki avèg oswa ki pa wè byen ka mande aranjman nan dat oswa anvan 1ye Fevriye 2024, lè yo voye yon demann sou entènèt sou **https://new.mta.info/2024-capital-projects-hearing** oswa rele nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Manm nan piblik lan ki pa gen aksè a yon òdinatè oswa ki pa gen aksè ak entènèt, ka rele odyans lè yo rele seyans sou entènèt sou Zoom nan (gratis) nan 1-877-853-5247 epi antre ID seyans sou entènèy la: 826 9778 6527, epi aprè sa antre siy dyèz (#) la. Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa gen nenpòt lòt aranjman nesesè, tanpri voye yon demann omwen senk jou ouvrab anvan dat odyans lan nan youn nan fason ki annapre yo:

1. sou entènèt nan **https://new.mta.info/2024-capital-projects-hearing**
2. rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777, oswa
3. Voye yon lèt nan: **MTA Capital Program Funding / Grants Management, RE: 2024 Capital Projects Public Hearing, 2 Broadway, C15.11, New York, NY 10004.**